PEOPLE AND NATURE

*Creating desirable futures for nature: The Nature Futures Framework*

*Ànd sakk njariñu ëllëg: Laltu càkkeefu ëllëg*

Laura Pereira, Kathryn K. Davies, Eefje den Belder, Simon Ferrier, Sylvia Karlsson-Vinkhuysen, HyeJin Kim, Jan J. Kuiper, Sana Okayasu, Maria G. Palomo, Henrique M. Pereira, Garry Peterson, Jyothis Sathyapalan, Machteld Schoolenberg, Rob Alkemade, Sonia Carvalho Ribeiro, Alison Greenaway, Jennifer Hauck, Nicholas King, Tanya Lazarova, Federica Ravera, Nakul Chettri, William W.L. Cheung, Rob J.J. Hendriks, Grigoriy Kolomytsev, Paul Leadley, Jean-Paul Metzger, Karachepone N. Ninan, Ramon Pichs, Alexander Popp, Carlo Rondinini, Isabel Rosa, Detlef van Vuuren, Carolyn J. Lundquist

Jamono jii metti na, mbooleem càkkeef gaa ngi ci diggante. Daa na ka, adduna tëdd na tëralin go xamne doomu Aadama du àgg mukk ci yokkute ak naatànge yu sax (YNS) yi muy xëccu ndare dañoo jiital ay coppite yu tar ci doxalinu nit ñi.


Dëgg la, bare na ñu gëstu màndarga ag yaqu-yaqu yi jëfinu doomu Aadama jur ci kaw suuf, waaye xaymaa guñu ba léegi xeetu ngëneel yi mën a meñ ëllëg ci doxalinu àdduna

Gis-gisi ëllëg yooyu boroom ndogal yi ag boroom xam-xam yi mën nanu ci sukkandiku ngir di xayma tànneef, jubluwaay, ak coppite yi nu mën a jural ay ëlleg yu gën a naat

Ekspeer yiy liggéeyal IPBES - muy kureelu xam-xam yi réew yi taxawal ngir mën a leeral ndogal yi jëm ci mbindéef ag cakkéef yi - tëral nanu ci seen biir mbotaay bo xamne liggéeyam mooy di xayma xeeti tëralin ag tënkin yi mën a lal jamonoy ëllëg. Ci anam yooyu lanu bokk njort ay tëralinu àdduna yu wuuté – ay tëralinu ëllëg - yo xamne bu ci nekk mën na meññ ci àdduna ëllëg su soobe sunu Boroom.

Liggey boobu nag, tambale nañ ko ci New Zealand ci Sattumbar 2017, ci benn jokkoo bu dajale woon ay ndaw yu jóge fune ci àdduna. Liggéeyu gëstu boobu moo jur laltu bi nuy woowe Laltu Càkkeefu Ëllëg (LCË, Nataal 1). Laltu bi ñatt-koñ la. Koñ bu ci nekk di fësal genn gis-gisu àdduna bu ñu njort ni mën na jariñ càkkeef gi ëllëg.

1. Bu jëkk bi ñu ngi ko tudde Càkkéef ngir càkkeef; gis-gis googu dafa wutale càkkeef gi ag doomi Aadama ba pare jiital ko ci lépp luy doomi Aadama lal te di ko dox ci kaw suuf.
2. Ñareel bi moy Càkkeef giy Jëriñ askan wi; tëralin boobu da fa jiital bépp njariñ bu càkkeef gi mën a jariñ doomu Aadama.
3. Ñatteel bi,aadawoo càkkeef gi, moom dey misaal tëralin bu boole càkkeef gi ak doomu Aadama, ñu jaxasoo, ràbboo ba doon benn.




*Laltu LCË bii nag liy njariñam mooy dafa ëmb ay gëm-gëmi àdduna ak ay gis-gisu càkkeef yu xóot te wuuté, ñu mën cee sukkandiku ngir yaatal sunuy xel ci tëralinu ëllëg yu jig askan wéek càkkeef gi. Te ñu mengale kook tënkinu xayma yu mat yu nuy misaalal tolluwaayu àdduna. Ci dëgg-dëgg laltu LCË ndimbal bu wóor la ci yorinu càkkeef gi ci àdduna. Waaye doonul it loo xamne benn wala ñari nit ño koy doxal. Dafa laaj boroom xam-xam ak gëstukat yi wër àdduna dugal ci seen i yoxo màccal ci seeniy xel ngir mottali laltu bi. Su ko defe ñëpp mën cee gis seen bopp te muy jëriñ nit ñi ak mboleem mbindéef mba càkkeef yi ci kaw suuf.*

Plain language summary from article:

Pereira, LM, Davies, KK, den Belder, E, et al. Developing multiscale and integrative nature–people scenarios using the Nature Futures Framework. *People Nat*. 2020; 00: 1– 24. https://doi.org/10.1002/pan3.10146